



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PREMYE PWOJÈ ESTOKAJ SOLÈ PLIS MINISIPAL LA NAN LONG ISLAND

*Pwodiksyon enèji renouvlab pwòp pou fè imèb Depatman pak komin East Hampton yo vin premye imèb zewo nèt pou elektrisite, k ap founi ekonomi depans enèji*

*Pwojè a ap konpanse emisyon kabòn k ap ede Eta New York ak Komin ast Hampton pwogrese vè objektif enèji solè yo nan fason agresif*

*Gade foto dwòn yo [isit la](#) ak [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman premye pwojè estokaj solè plis pa yon minisipalite nan Long Island, k ap fonksyone kounye a nan Komin East Hampton. Pano sou twati yo fè imèb Depatman Pak la vin premye imèb kanpis Meri a nan vil la ki reyalize objektif zewo emisyon kabòn apati de pwodiksyon elektrisite. Pwojè a, ki devlope ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority), sipòte objektif Eta New York pou founi 70 pousan nan elektrisite li apati enèji renouvlab vè 2030, ak objektif enèji renouvlab nan tout kominote Komin East Hampton sèlman nan tout sektè, vè 2030 tou.

"Enèji solè se eleman kle nan pous New York pou atenn yon sistèm elektrisite zewo emisyon epi reyalize objektif klimatik lidè nan peyi nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak finisyon pwojè estokaj solè plis sa, Komin East Hampton se premye minisipalite nan Long Island ki angaje vè yon solisyon ki entegre enèji solè nan operasyon gouvènman yo. N ap kontinye fè investisman ki odasye nan enèji pwòp ki kreye djòb, fè ekonomi lajan kontribyab yo, epi konstui yon avni ki pi ekolojik pou tout Nouyòkè."

Sistèm 165 pano a konekte dirèkteman ak rezo distribisyon PSEG Long Island lan epi l ap founi apeprè 90 megawatt lè enèji chak ane. Nan premye ane a, l ap konpanse apeprè 110,000 liv diyoksid kabòn, ki se ekivalan ak emisyon diyoksid kabòn ki soti nan plis pase 201,168 kilomèt ke yon mwayèn veyikil pasaje mennen. Sistèm solè PV (fotofòltayik) 75 kilowatt la ap pwodui kouran pwòp, renouvlab epi rechaje yon batri 137 kilowatt è. Yo prevwa ke 100 pousan depans enèji bilding sa ap konpanse ak kredi ki

soti nan enèji sistèm fotovòltayik solè a pwodui. Y ap atribye tout kredi enèji siplemantè yo bay yon lòt bilding sou kanpis Meri a.

**Sipèvizè Vil Southampton lan, Peter Van Scoyoc, te deklare,** "Pwojè sa p ap sèlman diminye emisyon kabòn yo epi fè kanpis Meri a pi rezilyan, yo estime tou ke l ap ekonomize omwen 10,000 dola kontribyab yo pa ane ant kredi fakti yo epi diminye depans elektrik yo."

Vil la, nan kolaborasyon ak Otorite Enèji a, te chwazi Solar Liberty ki baze nan New York ak patnè finansye li, Inclusive Prosperity Capital, sou pwojè a, atravè yon pwosesis konpetitif pou devlope sistèm estokaj batri a enèji solè plis. Sistèm PV solè a ap finanse atravè yon Akò Acha Enèji (Power Purchase Agreement, PPA) sou 20 an ak Inclusive Prosperity Capital, avèk okenn depans alavans pou vil la. Yon PPA pèmèt vil la benefisye tou de konpansasyon depans ke kredi enpo yo bay.

Batri a, ki te ajoute san depans pou Komin nan atravè sipò sibvansyon ki soti nan NYPA a, ap kapte enèji epi dechaje li nan rezo a lè sa nesèsè, pandan peryòd demand elve yo.

**Prezidan Pwovizwa NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Otorite Enèji a ede gouvènman lokal ak ajans eta yo atann objektif dekarbonizasyon yo atravè solisyon enèji inovan ki diminye depans, ogmante rezistans epi diminye emisyon gaz efè sèr yo. Komin East Hampton ap trase nouvo wout nan Long Island lè li asosye enèji solè ak estokaj pou konpanse depans enèji yo. Yo te konstui pwojè inovan konsan nan tout eta a k ap ede favorize avansman pwogrè New York alafwa vè objektif enèji solè li ak objektif odasye li pou yon sistèm elektrisite zewo emisyon a 100 pousan vè 2040."

NYPA te rekòmande enstalasyon sistèm nan, nan kad efò kontini East Hampton pou avanse vè yon objektif enèji renouvlab a 100 pousan. NYPA Distributed Energy Resource Advisory Services te asiste kòm konseye pandan tout mizanplas la. Pwojè a sipòte tou sib estokaj enèji ak enèji solè agresif Eta a pou konbat chanjman klimatik la, ki enkli reyalizasyon omwen 10 jigawatt ki distribye enèji solè vè 2030.

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te angaje apeprè 35,000 nan pwojè a atravè [Pwogram Estokaj Enèji pou Vant an Detay \(Retail Energy Storage Program\)](#) ki bay finansman pou kliyan komèsyal yo pou estokaj enèji otonòm, ki konekte sou rezo oswa sistèm ki asosye ak yon nouvo pwodiksyon sou plas oswa pwodiksyon ki egziste deja tankou sistèm solè. Apwoch konplè New York la pou estokaj enèji ap ede akselere koub aprantisaj mache a, diminye depans yo, epi akselere deplwaman pwojè estokaj enèji yo pou entegre resous enèji renouvlab yo pi byen.. Depi 2019, yo te deplwaye plis pase 300 milyon dola pou finanse konstriksyon plis pase 1,300 megawatt pwojè estokaj enèji atravè eta a.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris te deklare,** "Asosye enèji solè ak estokaj enèji pèmèt yo itilize enèji pwòp, renouvlab ki pwodui a

kote ak lè yo bezwen rezo elektrik la pi plis. Pwojè sa se yon premye egzanp de kijan Eta ak minisipalite yo ka travay ansanm pou fè operasyon yo pi rezistan pandan y ap amelyore kalite lè lokal la epi fè ekonomi ak lajan Nouyòkè yo."

Pou sipòte objektif Komin nan pou itilize enèji renouvlab a 100 pousan, Sipèvizè a te avanse efò dirabilite enèji yo, ki enkli kanpay Dinamize East Hampton lan k ap ofri motivasyon pou rezidan yo pou enstalasyon solè ak lòt aparèy ekonomi enèji, epi ki kontinye evalyasyon ak rediksyon nan izaj enèji nan imèb piblik yo. Lòt inisyativ anviwònmantral yo genyen ladan yo estasyon rechaj veyikil elektrik sou kanpis Meri a ak devlopman premye fèm solè nan echèl megawat sou teren Komin nan South Fork Long Island. NYPA ap travay tou ak Komin nan sou modènizasyon ekleraj ri ak LED.

**Vis Prezidan Solar Liberty Nathan Rizzo te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya ak Komin East Hampton, NYPA ak IPC pou lansman pwojè estokaj solè plis sa. Antanke premye nan kalite sa nan yon etablisman nan vil la, inisyativ sa trase yon egzanp solid pou minisipalite nan New York ak pi lwen, ki demontre vyabilite ak benefis pou adopte solisyon enèji pwòp yo. Enstalasyon sa pa sèlman fè East Hampton avanse pi pre objektif enèji renouvlab a 100 pou san li men founi ekonomi depans ki enpòtan tou pou kontribyab yo pandan l ap konbat chanjman klimatik la."

Inclusive Prosperity Capital (IPC), yon fon investisman san bi likratif ki devwa pou finanse pwojè enèji pwòp ki benefisye mache ak kredi ki devavorize yo tradisyonèlman, ap fè patenarya ak Komin East Hampton pou posede epi antretni sistèm lan.

**Direktè Jeneral Tranzaksyon Enèji Pwòp IPC a, John D'Agostino te deklare,** "IPC kontan anpil pou sipòte Komin East Hampton ak Otorite Enèji New York k ap devlope premye sistèm estokaj solè plis nan nivo minisipal nan Long Island epi pou kontribye nan tranzisyon Komin nan vè enèji renouvlab. Pwojè East Hampton lan se yon premye egzanp de konsantrasyon IPC ak NYPA sou deplwaman enèji pwòp nan espas minisipal la."

**Senatè Eta a, Anthony H. Palumbo te deklare,** "Mwen vle felisite Komin East Hampton pou efò yo pou diminye emisyon kabòn rejyon an epi favorize yon avni ki pi ekolojik epi pi sen pou pitit ak pitit nou yo. Pwojè sa se yon premye pa enpòtan pou atenn objektif zezo emisyon kabòn nèt Long Island lan pou etablisman Komin yo epi poze fondman pou yon avni ki pi dirab pou Pwent Lès la ak Etja New York."

**Manm Asanble Fred W. Thiele, Jr. te deklare,** "Achèvman premye pwojè estokaj solè plis Komin East Hampton pa yon minisipalite nan Long Island se yon reyalizasyon ki remakab ak yon etap enpòtan pou atenn objektif enèji dirab yo. Pwojè a sipòte sib enèji renouvlab anbisye Eta New York yo epi sèvi kòm yon modèl pou lòt kominote atravè Eta New York. Lè nou reyalize zewo emisyon kabòn nèt, Komin East Hampton te demontre angajman li pou yon avni pi pwòp, pi ekolojik. Patenaryaant Komin lan ak Otorite Enèji Eta New York la se yon egzanp briyan de kijan gouvènman ak sektè a ka travay ansanm pou reyalize objektif komen yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)